

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan lima hal, nyaéta (1) desain panalungtikan, (2) téhnik ngumpulkeun data, (3) intrumén panalungtikan, (4) lokasi, data, jeung sumber data panalungtikan, jeung (5) téhnik ngolah data.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa rarancang anu dijieun tur jadi acuan kagiatan nu bakal dilaksanakeun. Desain panalungtikan méré gambaran kagiatan anu bakal dilaksanakeun, gambaran anu bakal karandapan atawa geus karandapan ku panalungtik saméméhna (Mulyadi, 2018, kc. 72). Anapon Sukardi dina Siyoto (2015, kc. 98) nétélakeun desain panalungtikan mangrupa gambaran sacara jelas ngeunaan hubungan antara variabel, ngumpulkeun data, jeung analisis data, nepi ka panalungtik ogé masarakat umum miboga gambaran ngeunaan kumaha pakaitna antara variabel jeung kumaha ngukurna.


Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan ngagunakeun métode déskriptif. Siyoto (2015, kc. 8) métode déskriptif nyaéta panalungtikan anu pakait jeung kajian fenoména sacara nyosok jero atawa ngabédakeun jeung fenoména nu séjén. Métode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun wanda kaulinan, komponén istilah, wangun, harti jeung larapna istilah anu kapanggih dina kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut. Ieu métode téh pikeun ngadéskripsikeun papasingan, analisis jeung napsirkeun data istilah kaulinan barudak.

Desain panalungtikan dina ieu panalungtikan minangka léngkah awal dina néangan jeung nyusun masalah dumasar pasualan nu bakal ditalungtik. Sanggeus nangtukeun masalah tahap satuluyna nyaéta ngumpulkeun data tina objék nu bakal ditalungtik kalawan ngagunakeun instrumén panalungtikan. Satuluyna data anu geus kapanggih tur dikumpulkeun, diolah sacara analisis langsung sarta unggal data istilah kaulinan barudak didéskripsikeun sacara jéntré wanda kaulinan, komponén istilah, wujud, harti, jeung larapna. Tahap pamungkas yeun kacindekan tina hasil analisis ieu panalungtikan. Desain panalungtikan dipidangkeun dina ieu bagan 3.1.

Teja Fahmi Nur Azis, 2023

**ISTILAH DINA KAULINAN BARUDAK DI KACAMATAN BALUBUR LIMBANGAN KABUPATEN GARUT
(Ulukan Léksikosémantik)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Bagan 3.1. Desain Panalungtikan

3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2014, kc. 224) yén téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah strategis dina panalungtikan, sabab tujuan utama tina panalungtikan nyaéta ngumpulkeun data. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu

Teja Fahmi Nur Azis, 2023

ISTILAH DINA KAULINAN BARUDAK DI KACAMATAN BALUBUR LIMBANGAN KABUPATEN GARUT (Ulikan Léksikosémantik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan nyaéta téhnik ulikan pustaka, téhnik intuisi, wawancara jeung regep catet. Téhnik intuisi dipaké lamun panalungtikan téh panyatur asli tina basa nu ditalungtikna. Panalungtik sakaligus jadi pupuan (informan) bari bisa introspeksi atawa mawas diri. Labov dina Sudaryat (2014, kc. 58) nétélakeun data intuitif bisa dipaké jeung ditarima jadi bahan analisis, lamun geus kauji tina jihat (a) kagramatikalan; (b) ambiguitas, jeung (c) parafrastis nu bener.

Métode wawancara dilaksanakeun ku dua pihak, nyaéta *pewawancara* anu ngajukeun patalékan jeung anu diwawancara nu méré jawaban tina éta patalékan. Minangka téhnik satuluyna anu digunakeun nyaéta téhnik regep, téhnik rékam jeung téhnik catet, satuluyna data lingual dicangking ngaliwatan kagiatan ngarekam kucara ngagunakeun alat bantu mangrupa alat rékam. Sanggeus prosés ngarékam réngsé dilaksanakeun, dituluykeun kana nyatetkeun data. Minangka tarékah pikeun diklasifikasi jeung dikelompokkeun minangka hasil dina panalungtikan. Anapon téhnik ulikan pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun tur ngawewegan data istilah kaulinan barudak. Léngkah-léngkah anu dilaksanakan dina ngumpulkeun data panalungtikan, nyaéta diwincik ieu di handap, di antarana:

- 1) wawancara ka informan ngeunaan istilah dina kaulinan barudak;
- 2) nuliskeun data istilah dina kaulinan barudak;
- 3) ngarékam barudak keur arulin.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Pikeun meunangkeun data diperlukeun instrumén panalungtikan. Nurutkeun Siyoto (2015, kc. 76) yén instrumén panalungtikan nyaéta alat évaluasi minangka meunangkeun data ngeunaan hiji hal nu ditalungtik, jeung hasilna bisa diukur kucara ngagunakeun standar anu geus ditangtukeun saacana ku panalungtik. Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pedoman wawancara, alat rekam, catetan lapangan jeung kartu data.

3.3.1 Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara dipaké minangka instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ti informan, sarta eusi tina pedoman wawancara nyaéta idéntitas informan jeung sawatara patalékan ngeunaan istilah kaulinan barudak. Anapon

formulir informan, daftar patalékan, jeung form hasil data wawancara anu digunakeun ku panalungtik bakal dibagankeun di handap.

Tabél 3.1 Formulir Informan

Wasta	:	
Yuswa	:	
Atikan	:	
Pakasaban	:	
Panganjrekan	:	

Tabél 3.2 Daptar Patalékan

No.	Daptar Patalékan
1.	Naon waé kaulinan barudak anu sok biasa diulinkeun di dieu?
2.	Naon waé istilah atawa sesebutan nu aya dina unggal kaulinan barudak?
3.	Naon harti tina unggal istilah kaulinan barudak éta?
4.	Nalika iraha éta istilah téh dipakéna?

Tabél 3.3 Form Data Hasil Wawancara

No. Data	Data Istilah	Harti	Larapna

3.3.2 Alat Rekam

Alat rekam nyaéta alat anu dipaké pikeun ngumpulkeun sawatara data panalungtikan. Data anu dikumpulkeun nyaéta data wawancara dikumpulkeun ngagunakeun alat ngarékam sora, data gambar dikumpulkeun ngagunakeun kamera Hp 50Mp, jeung video dikumpulkeun ngagunakeun alat ngarékam video 720p. Alat rekam anu digunakeun nyaéta HP Xiaomi Redmi Note 12.

3.3.3 Catetan Lapangan

Catetan lapangan nyaéta catetan anu digunakeun nalika ngumpulkeun data di lapangan. Alat anu digunakeunana nyaéta pulpén, kertas, jeung léptop (*Microsoft Word*).

3.3.4 Kartu Data

Kartu data dipaké minangka instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu dianalisis jeung midangkeun data nu geus nyampak. Anapon kartu data anu digunakeun ku panalungtik bakal dibagankeun di handap.

Tabél 3.4 Kartu Data Istilah Kaulinan Barudak

No. Data	Data Istilah	Kode Data

Keterangan kartu data:

Data : Istilah Kaulinan Barudak

Kode Data : (KB/NK/No)

KB : Kaulinan Barudak

NK : Ngaran Kaulinan (contona Békles = B)

No : Nomor Istilah

Tabél 3.5 Kartu Data Istilah dina Kaulinan Barudak

No.	No. Data	Data Istilah	Ucapan	Harti	Kode Data

Tabél 3.6 Kartu Data Komponén Istilah dina Kaulinan Barudak

No.	No. Data	Data Istilah	Istilah				Kode Data
			Kon	Pro	Kah	Sip	

Keterangan:

Kon : Konsép

Pro : Prosés

Kah : Kahanan

Sip : Sipat

Teja Fahmi Nur Azis, 2023

ISTILAH DINA KAULINAN BARUDAK DI KACAMATAN BALUBUR LIMBANGAN KABUPATEN GARUT (Ulikan Léksikosémantik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.7 Kartu Data Wangun Istilah Salancar dina Kaulinan Barudak

No.	No. Data	Istilah	Kecap Salancar					Kode Data
			1	2	3	4	5	

Katerangan:

- 1 : kecap salancar sangeng
- 2 : kecap salancar dua engang
- 3 : kecap salancar tilu engang
- 4 : kecap salancar opat engang
- 5 : kecap salancar lima engang

Tabél 3.8 Kartu Data Wangun Istilah Rundayan dina Kaulinan Barudak

No.	No. Data	Istilah	Kecap Rundayan	Ciri Gramatikal	Kode Data

Tabél 3.9 Kartu Data Wangun Istilah Rajékan dina Kaulinan Barudak

No.	No. Data	Istilah	Kecap Rajékan	Ciri Gramatikal	Kode Data

Tabél 3.10 Kartu Data Wangun Istilah Kantétan dina Kaulinan Barudak

No.	No. Data	Istilah	Kecap Kantétan	Wangun Gramatikal	Kode Data

Tabél 3.11 Kartu Data Wangun Istilah Wancahan dina Kaulinan Barudak

No.	No. Data	Istilah	Kecap Wancahan	Kecap Panjangna	Kode Data

Tabél 3.12 Kartu Data Harti Istilah dina Kaulinan Barudak

No.	No. Data	Istilah	Harti	Kode Data


Tabél 3.13 Kartu Data Larapna Istilah dina Kaulinan Barudak

No.	No. Data	Istilah	Larapna dina Kalimah	Kode Data

3.4 Lokasi, Data, jeung Sumber Data Panalungtikan

3.4.1 Lokasi Panalungtikan

Kabupaten Garut mangrupa salasahiji kabupaten perenahna di Provinsi Jawa Barat, Indonésia. Kabupaten Garut wawatesan jeung Kabupaten Sumedang di beulah Kalér, Kabupaten Tasikmalaya di beulah Wétan, Samudra Hindia di beulah Kidul, sarta Kabupaten Bandung jeung Kabupaten Cianjur di beulah Kulon.




Gambar 3.1 Péta Kabupaten Garut

Teja Fahmi Nur Azis, 2023

ISTILAH DINA KAULINAN BARUDAK DI KACAMATAN BALUBUR LIMBANGAN KABUPATEN GARUT (Ulitan Léksikosémantik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


Kabupaten Garut ngawengku 42 kacamatan, salasihijina nyaéta Kacamatan Balubur Limbangan. Kacamatan Balubur Limbangan wawatesan jeung Kabupaten Sumedang di Beulah Kalér, Kacamatan Selaawi jeung Kacamatan Kersamanah di beulah Wétan, Kacamatan Cibatu, Kacamatan Cibiuk di beulah Kidul, sarta Kabupaten Bandung di beulah Kulon. Kacamatan Balubur Limbangan ngawengku 14 desa salasihijina nyaéta Desa Limbangan Timur.



Gambar 3.2 Peta Kacamatan Balubur Limbangan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut, puseur panalungtikanana di Desa Limbangan Timur. Desa Limbangan Timur wawatesan jeung Desa Pasir Waru sarta Desa Dunguswiru di beulah Kalér, Desa Galihpakuwon di beulah Wétan, Desa Sindang Suka Kacamatan Cibatu di beulah kidul, sarta Desa Limbangan Tengah di beulah Kulon.

Desa Limbangan Timur ngawengku tilu dusun, nyaéta Dusun 1 Kampung Kudang RW 03, Dusun 2 Kampung Berdikari RW 07, jeung Dusun 3 Kampung Cisureuh RW 14.



Gambar 3.3 Péta Desa Limbangan Timur

Desa Limbangan Timur dipilih salaku lokasi panalungtikan sabab, kahiji, tempat puseur pamaréntahan. Jeung kadua, kaulinan barudak masih réa diulinkeun ku masarakatna, antukna panalungtik kairut kana istilah dina kaulinan barudak.

3.4.2 Data jeung Sumber Data

Data ieu panalungtikan nyaéta istilah-istilah dina kaulinan barudak anu aya di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut ditilik tina wangun jeung hartina. Data nurutkeun Arikunto (2011, kc. 117) nétélakeun yén data panalungtikan nyaéta gunggungan pakta jeung angka anu bisa dijadikeun bahan pikeun nyusun hiji informasi. Sedengkeun nurutkeun Sudaryat (2014, kc. 56) yén data mangrupa

wawaran atawa katerangan anu bener tur nyata, anu bisa dijadikeun dasar pikeun ulikan (ngolah, ngadarkeun, jeung nyindekkeun).

Sumber data dicangking tina wawancara ka sawatara informan jeung studi pustaka tina buku jeung kamus. Informan nyaéta jalma dina panalungtikan, jalma nu dimangpaatkeun pikeun méré informasi ngeunaan situasi jeung kondisi panalungtikan. Dina ieu panalungtikan dipilih informan salaku jalma anu ngabantuan pikeun ngagampangkeun lumangsungna ieu panalungtikan kritéria-kritéria katitén di handap:

- 1) informan mangrupa masarakat asli daérah éta;
- 2) informan dina ieu panalungtikan nyaéta kolot (umur 30-70 taun) jeung barudak (umur 10-16 taun);
- 3) nganjrek jeung cicing di éta patempatan;
- 4) masarakat nu bener-bener ngarti lingkungan sabudeureun jeung kabiasaan kana kagiatan barudak anu biasa ngagunakeun kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut;
- 5) séhat jasmani jeung rohani;
- 6) boga jeung wanoh kana wangun-wangun istilah kaulinan barudak;

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta jalma salaku narasumber atawa informan dina waktu wawancara, lobana 6 urang, 3 urang kolot, jeung 3 urang budak. Sangkan leuwih jéntré katitén dina tabél narasumber di handap.

Tabel 3.14 Data Informan Wawancara

	<p>Wasta : Adang Sudjana Yuswa : 72 taun Atikan : S1 Pakasaban : Budayawan Panganjrekan : Kampung Cisureuh RW 14 Desa Limbangan Timur</p>
	<p>Wasta : Budi Muhamad R Yuswa : 50 taun Atikan : SMA Pakasaban : Aparatur Desa Panganjrekan : Kampung Berdikari RW 07 Desa Limbangan Timur</p>
	<p>Wasta : Rian Agus Putra Yuswa : 32 taun Atikan : S1 Pakasaban : Wirausaha Panganjrekan : Kampung Kudang RW 03 Desa Limbangan Timur</p>
	<p>Wasta : Azka, Ilham, Raditya Yuswa : 12 taun Atikan : SD Pakasaban : Pelajar kelas 6 Panganjrekan : Kampung Kudang RW 03 Desa Limbangan Timur</p>

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Nurutkeun Hockett dina Sudaryat (2014, kc. 58) analisis unsur langsung (*immediate constituent (IC) analysis*) nyaéta analisis anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana.

Digunakeunna ieu téhnik téh, sabab data dina ieu panalungtikan mangrupa wangun lisan anu kana tulisankeun langsung. Téhnik ngolah data ngajéntrékeun kumaha prosedur ngolah jeung nganalisis dumasar kana pamarekan anu ditangtukeun ku panalungtik. Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh istilah dina kaulinan barudak anu patali jeung wangun ogé harti. Anapon léngkah-léngkah dina nganalisis datana nyaéta.

- 1) Niténan sarta mariksa deui istilah kaulinan barudak nu geus kapanggih jeung disusun;
- 2) Méré nomber kode data istilah kaulinan barudak;
- 3) Nyieun papasingan data istilah kaulinan barudak dumasar déskripsi wanda, komponén istilah, wangun, harti, jeung larapna istilah anu matok kana léksikosémantik;
- 4) Nganalisis data dumasar déskripsi wanda, komponén istilah, wangun, harti jeung larapna istilah anu matok kana léksikosémantik;
- 5) Ngadéskripsikeun data wanda kaulinan barudak, istilah kaulinan barudak, komponén istilah, wangun istilah, harti jeung larapna istilah anu matok kana léksikosémantik;
- 6) Napsirkeun data istilah kaulinan barudak; jeung
- 7) Nyieun kacindekan.